

PAJ ENFÒMASYON PWOJÈ KONSTRIKSYON

DEPATMAN TRANSPOTASYON NAN FLORID



State Road (S.R.) 866/Port Boulevard soti nan Biscayne Boulevard rive sou Port Miami

Nimewo Idantifikasyon pwojè a: 443913-1-52-01

GID FDOT

FDOT pran angajman pou li asire enfrastrikti Eta a sèvi abitan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men kèk nan pwent kle yo: pwoteksyon moun, rezistans, chèn livrezon, teknoloji, ak devlopman mendèv. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE

Ranplase twotwa ak baryè medyan beton an

SEKIRITE

- Amelyore siyal machin ak pyeton, siy, ak mak sou azfat yo
- Amelyore ranp twotwa yo, balistrad trafik yo, ak barikad yo
- Enstale nouvo avètisman sou azfat yo

REZISTANS

- Ranplase pave beton an
- Repavman pou prezève lavi sèvis wout la

CHÈN LIVREZON

- Chanje liy anndan/ sou men gòch la nan yon liy ki dedye pou vire agòch nan NE 5 Street
- chanje liy atravè liy ki egziste a nan yon liy ki pase/vire agòch nan NE 5 Street

TEKNOLOJI

- Amelyore siyal trafik yo nan tout entèseksyon siyalize yo

DEVLOPMAN MENDÈV

- Pwojè sa a kreye opòtinite pou kontraktè yo, sa ki bay benefis ekonomik pozitif pou travayè yo ak kominote a

ENFÒMASYON SOU WOUT KAP FÈMEN YO

Wout ak twota yo pral fèmen pandan lè sa yo oubyen nan jou ki pa gen evènman:

Fèmti pou sèl liy ak doub liy ki sou S.R. 866/Port Boulevard:

- 5 p.m. jiska 5 a.m., madi jiska jedi

Fèmti pou sèl liy ak doub liy ki sou S.R. 5 /Biscayne Boulevard:

- 8 p.m. jiska 6 a.m., dimanch jiska jedi
- 11 p.m. jiska 9 a.m., chak vandredi ak samdi

Aksè pou biznis ak rezidans yo ap rete disponib. Enfòmasyon sou wout kap fèmen ap afiche chak semèn sou sit entènèt depatman an, www.southflroads.com.



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou sa pa twò deranje moun nan zòn nan. Fèmen wout tanporè yo ka afekte trafik la pandan lè ki pa gen anpil blokis ak jou ki pa gen evènman yo. Y ap afiche siy ki byen klè nan tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun ki antre soti nan pwopriete ki nan zòn nan.

ORÈ

janvye 2026 - Otòn 2026

PRI KONSTRIKSYON AN

\$3.6 milyon dola

ZÒN PWOJE YO

Vil Miyami
Konty Miami-Dade

Avi: Li posib pou dat yo chanje.

TOUJOU METE SEKIRITE AN

PREMYE

Pou sekirite ou ak sekirite lòt moun, tanpri pran prekosyon lè ou ap kondwi machin, lè ou ap mache osinon lè ou ap pase sou bekan nan zòn konstriksyon yo. Pou nouvèl sou sikilasyon, al sou: www.fl511.com.

KONTAKTE

FDOT Consultant Community Outreach Specialist
Aliyah Gomez | Aliyah.Gomez@dot.state.fl.us | 786-774-9714

SWIV NOU



MyFDOT_Miami

SOUTHFLROADS.COM

Eskane kòd QR sa a pou dènye nouvèl sou pwojè a.

